**МУНИЦИПАЛЬНИ УЧРЕЖДЕНИ**
**«ГУЬМСАН МУНИЦИПАЛЬНИ К1ОШТАН ШКОЛАЛ ХЬАЛХАРА ДЕШАРАН УРХАЛЛА»**
**Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени**
**«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе-г1алин**
**«Берийн беш № 11 «Нана»**

# Йиллина къамел кхиоран заняти «Сан Даймохк – Нохчийчоь» (лакхарчу «Карусель» тобанехь)




**Кечйинарг:**
**кхетош-кхиорхо**
**Селимбаева Х.М.**

**Коьчал:** «Сан Даймохк - Нохчийчоь».

**1алашонаш:** берийн Даймахках долу хаарш т1еч1аг1дар, махке безам ч1аг1бар; мехкан хазалла ларйар; патриотически дог – ойла кхиор.

**Кхечу дакъошца з1е:** исбаьхьаллин хазалла кхиор, гонахара дуьне довзар кхиор.

**Гайтаман г1ирс:** Даймехкан суьрташ, ловзаран г1ирсаш, компьютер.

**Заняти д1айахьар**

**Хьалхара дакъа**

**Кхетош-кхиорхо:**

**-** 1уьйре  дика хила, сий долу хьеший, хьомсара бераш! Тахана вай долчу баьхкина хьеший бу.Ткъа х1ун ала деза хьешашка?

**Бераш:**

**-** Шуьга ду маршалла
Хьомсара хьеший!
Дехийла,ирс хуьлда
Даимана шу!

**Кхетош-кхиорхо:**

- Могуш-маьрша шу гар-
Дийнан беркат ду.
1илмане шу кхийдар-
Мах боцу совг1ат.

- Бераш вовшашка а хьовсий, дела а лой ала: «Дала аьтто бойла!»

Аса кица далор ду, ткъа аша и стенах лаьцна ду эр ду. «Вина мохк - мазал мерза бу».

**Бераш:**

**-**  Даймахках.

**Кхетош-кхиорхо:**

**-** Ойла йай алайша, тахана стенах лаьцна дуьйцур ду вай?

**Бераш:**

- Даймахках.

**Шолг1а дакъа**

**Кхетош-кхиорхо:**

**-** Даймохк бохург х1ун ду? (Берийн жоьпаш).

**Кхетош-кхиорхо:**

- Нийса боху, Даймохк бохург и меттиг йу, вай дуьнен чу девлла йолу, 1аш, дехаш йолу. Оцу йукъа йог1у хьаннаш, аренаш, хиш. Иза вай дехаш долу мохк бу.Вайн берийн беш йолу меттиг йу иза. Генна д1авахча, сагатдеш, шен ц1а сахьийзаш йолу меттиг. Иза уггар хьоме меттиг йу, вайн дайша къахьегна долу латта.

- Даймохк хийца йиш йуй?

- Даймохк 1алашбан безий?

- Х1инца ладог1а байте.

Малх санна хьо лепар, сан даго лоьху,
Сел хазчу, ирсечу, Нохчийчохь йехаш.
Х1умма дац сан дагна, хьол дукха дезаш,
Ма хаза йукха хьо, сан хьоме Нохчийчоь.
- Стенах лаьцна йара байт?
- Муха йу боху Нохчийчоь?
- Ткъа вайн мехкан ц1е х1ун йу?
- Вай дехаш долу г1алий ц1е х1ун йу?
- Бераш, вай дай баьхна, исбаьхьа 1алам а долуш йолчу метте г1ой вай?
( мукъамца новкъа бовлу)
- Хьовсайша мел хаза ду х1оккхахь! Ц1ена х1аваъ, лекха б1аьвнаш, дийнаташ, дайша лелийна кхача кечбеш йола пеш, пхьег1аш. **(Схьайог1у йиш лакхархо йиш а олуш).**
- Бераш, х1ара мила йу вай долчу йог1ург?
**Йиш лакхархо:**

**-** 1уьйре дика хила шу! Со - йиш лакхархо йу. Аса мел хаза йиш локху вайн хьомечу Даймахке безам балхош.

**Кхетош-кхиорхо:**

**-** Тхуна лакхахьа, исбаьхьа йиш! (Д1алокху йиш «Даймохк»).

**Кхетош-кхиорхо:**

**-** Мел хаза йара иза! Дела реза хила хьуна!

- Бераш, стенах лаьцна йара йиш?

- Самукъане йара йа сингаттаме йара?

- Муха хета шайн махкахь йехаш йиш лакхархочунна?

- Тхан берашна ма хаьа Даймахках лаьцна байташ. Бераш йиийцал байташ.

Бер 1:

Ларбе мохк,

Хазбе и,

Ца йеш мало.

Т1аккха хьайн весет деш, к1анте д1ало.

Бер 2:

Хьомсара сан Даймохк
Со ирсе хета,
Хьо мел бу вехаш ву
Дуьненчохь со.

Бер 3:

Даймохк, хьуна орцах бевлла
Оьзда к1ентий, мехкарий.
Белларш Дала декъал бойла,
Цара ларди мехкан сий.

**Йиш лакхархо:**

**-** Мел дика йиийци байташ! Со х1инца кхеча берийн бешара кхиорхошна йиш лакха йаха йеза. 1адика йойла!

**Бераш:**

- 1адика Дала йойла!

**Кхетош-кхиорхо:**

- Х1инца вайн берийн беша д1адаха деза. (Мукъамца новкъа бовлу).

- Схьакхечи берийн беша!

- Хаза хийтирий экскурси?

**Кхетош-кхиорхо:**

- Бераш, Даймохк ларбан безий вай?

- Нийса боху, Даймохк ларбан беза, исбаьхьа 1алам лардан деза. Ткъа х1инца вай д1ахьур ду ловзар «Даймохк 1алашбе».

Даймехкан пайде йолу х1умнаш цхьана тускар чуйехка, ткъа зене йерш вукха тускар чуйехка.

**Сада1аран миноташ**

Дехкий девдда даьхкира

Цхьаъ, шиъ, кхоъ.

Маса сахьт даьлла хьоьвсира

Цхьаъ, шиъ, кхоъ.

Сихха йуха довдалаш

Цхьаъ, шиъ, кхоъ.

Писну дог1у довдалаш

Цхьаъ, шиъ, кхоъ.

- Ткъа х1инца т1едиллар кхочушдийр ду вай.

Сурт х1оттаде Даймехкан, нийсачу рог1аллехь суьртийн дакъош вовшах тохарца.

**Суьрташ т1ехь болх.**

- Бераша дийца деза суьрташ т1ехь шайна х1ун го. Суьрташ хила деза Даймехкан, Соьлжа- Г1алин, б1аьвнийн, Нохчийчоьнан бахархойн, байракхан, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин.

- Мила ву Нохчийчоь иштта хаза тайинарг? Вайна синлаттаме байт кечйина 1аьш йу Айша. Йийцахьа «Ахьмад-Хьаьжа- къонаха» байт.

Ловзар «Ц1ахь кхобу дийнаташ йа акхарой».

- Бераш, Даймахках лаьцна кицанаш карладахий вай?

Вина мохк мазал мерза бу.

Дикачу пхьидо шен 1ам хестабо.

Мехка доцчу иэро пхьагал ца лаьцна.

Нехан махкахь эла хуьлучул, шен эвлахь лай хилар тоьлу.

Мохк боцу аьрзу къийго а тергал ца йо.

Шен ненан сий лардечо - Даймехкан сий а лардийр ду.

Шен ц1а - ц1ен ц1а.

**Кхоалг1а дакъа**

Жам1 дар. Рефлекси.

- Стенах лаьцна дийцира вай?

- Х1ун дира занятехь?

- Хаза хийтирий заняти?

- Аша дика болх бира! Заняти чекхйели. 1адика йойла!

**Ша шена таллам бар занятин «Сан Даймохк - Нохчийчоь».**

**Коьчал: «Сан Даймохк - Нохчийчоь».**

Шун тидам т1ебохуьйтуш д1айаьхьнарг йара: йиллана къамел кхиоран заняти «Сан Даймохк – Нохчийчоь» лакхарчу тобанехь «Карусель».

**1алашонаш йара:** берийн Даймахках долу хаарш т1еч1аг1дар, махке безам ч1аг1бар; мехкан хазалла ларйар; патриотически дог – ойла кхиор.

Берриге занятин чулацам берийн хенашца бог1уш бара. Деригге занятин чулацаман дакъош рог1аллица а, чулацамца а цхьана коьчална чудог1уш дара.

Болх д1абаьхьира х1оттийначу занятин чулацамца. Занятин чулацам айса х1оттийнера,1алашонашца бог1уш а болуш. Х1ора 1алашо кхочушйан методаш а, приемаш а хаьржинера. Берийн тидам дика т1ебахийта лелийра: ловзаран г1ирсаш, суьрташ. Ткъа иштта йиш лакхархочуьнга дакъа лацийтира занятехь. Болх д1ахьуш тайп-тайпана мукъамаш лекхийтира, берийн дог даита.

Занятин хьалхарчу декъана йукъадог1у: берийн болх бан дог дайитар, хьешийн а, берийн вовшашца а йолу йукъаметтиг дика хилийтар. Коьртачу декъана йукъадог1у: дай баьхна, исбаьхьа 1алам долче дахар, берашца къамел дар, ловзар «Даймохк 1алашбе», «Ц1ахь кхобу дийнаташ йа акхарой», суьрташка хьовсар, байташ йийцар, сурт х1оттор, сада1аран миноташ, йиш лакхар. Дика ловзарца, бераша шаьш х1айт аьлла хилар гайтира. Методаш а, приемаш а 1алашонашца йог1уш хаьржинера: барта, гайтаме, ловзаран. Гайтаме метод лелийра суьрташка хьовсуш.

Йиллинчу къамел кхиоран занятехь мелла берийн тидам т1ебахийта, дог даита, къамел кхио хьаьжира со. Берашца къамел дар синпарг1ате дара. Бераша х1айт аьлла болх бира. Тидам къаьстина дика бора.

Суна хета, бераша т1едилларш кхочушдина аьлла.

Кхоалг1ачу декъанна юкъадог1у: жам1 дар, рефлекси. Суна хета йиллина къамел кхиоран заняти синлааман, рог1аллин йара аьлла. Х1иттийна 1алашонаш кхочушйина.







